

Bilten pou Pwopriyetè yo - Mas 2022

Chè Pwopriyetè Kay,

Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) bay pwopriyetè bilding kote moun abite yo nouvo lwa ak enfòmasyon konsènan materyèl ak resous ki disponib pou bay konkou ak Kòd Antretyen Lojman (Housing Maintenance Code) nan Vil New York la, Lwa sou Plizyè Lojman (Multiple Dwelling Law) nan Eta New York la ak lòt kòd minisipal ki genyen pou wè ak sa. Ale sou [sit entènèt HPD a](#) pou w li bilten sa a (ak ansyen bilten nou yo) nan lòt lang.

Piblikasyon sa a la pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa la kòm konsèy jiridik. Enfòmasyon sa yo, se pa yon deskripsyon konplè ni final sou tout responsablite pwopriyetè kay ak lokatè dapre lalwa ak règ ki konsène lojman nan Vil New York.

Rapèl sou Dispans Plon:

Premye (1) mas 2022 an se te dènye dat pou te depoze yon demann pou jwenn dispans apati Lwa Lokal 1 ki te vin anplas nan lane 2004 lè y ap itilize tès penti abaz plon nivo 1,0 mg/cm². Kounya la HPD ap sèlman demann pou jwenn dispans apati Lwa Lokal 1 ki te vin anplas nan lane 2004 lè y ap itilize tès penti abaz plon nivo 0,5 mg/cm².

Nan dat ki ap premye (1) desanm 2021, an konfòmite avèk Lwa Lokal 66 Depatman Lojman Prezèvasyon ak Devlopman (Housing Preservation and Development, HPD) te adopte nan lane 2019 lan, yo te modifiye rezolisyon penti ki fèt abaz plon yo (Lwa sou Prevansyon kont Anpwazònman Plon lakay Timoun ki nan Vil New York lan) epi yo ap vin defini antanke penti ki gen yon kantite plon **ki egal oswa ki depase 0.5 mg/cm²** yon analiz laboratwa oswa yon enstriman XRF ak yon PCS detèmine sa a epi PCS apwouve ak pwograme nan yon tès nivo 0.5 mg/cm². An fevriye 2022 an Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini te apwouve yon PCS pou de (2) enstriman pou teste 0.5 mg/cm²: Viken Detection Modèl Pb200i ak SciAps Modèl X-550. Se poutèt sa, se sèlman enstriman sa a yo oblije itilize pou fè tès XRF la nan Vil New York anba Lwa Lokal 1 nan lane 2004 lan jiskaske yon lòt enstriman komèsyal ki disponib sou mache a ka teste yon PCS yo apwouve ki egal a 0.5 mg/cm².

Pou jwenn plis enfòmasyon sou chanjman sa a, gade Bilten enfòmasyon sou Plon [Bilten enfòmasyon](#) mwa oktòb 2021 an ki disponib tou nan lòt lang sou [paj wèb](#), oswa ou kapab revize [Kesyon yo Poze Souvan](#).

Ou dwe enfòme HPD sou renouvèlman yon inite ki te dispanse selon nivo tès 1,0 mg/cm².

Tout dispans Lwa Lokal 1 lane 2004 lan bay nanyon apatman selon nivo tès 1,0 mg/cm² yo deklare li anile epi pa anplas ankò apati premye wotasyon apatman sa a apre premye (1) desanm 2021, epi yo mande pou pwopriyetè yo deklare wotasyon sa a nan HPD. Pwopriyetè an dwe deklare wotasyon an pandan y ap [Deklarasyon sou Sèman](#) obligatwa, ki disponib tou nan lòt lang sou [paj wèb](#) HPD lan. Gen plis enfòmasyon ki disponib nan seksyon [Kesyon Moun Poze Souvan](#)

WOTASYON

Fè travay ki nesèsè nan inite yo lè gen chanm vid

Lè yon inite lojman chanje lokatè, (sa genyen rapò ak "**wotasyon**") pwopriyetè bilding ki bati anvan lane 1960 yo genyen obligasyon, selon Lwa Lokal 1 an, fin fè aktivite sou penti abaz plon yo ki gen pou objektif rann apatman an san danje avan yon nouvo lokatè pou nouvo lokatè a kapab abite nan espas lan (menm si nouvo lokatè a gen yon pitit). Aktivite sa yo dwe fèt tou nan apatman ki bati ant lane 1960 pou rive 1978 yo si pwopriyetè a gen konesans sou penti abaz plon. Egzijans yo se:

- Repare tout danje penti abaz plon yo ak nenpòt defo ki alabaz, lè defo alabaz sa yo egziste. Pou pi piti, sa pral vle di kote ki fwote ak penti ki imid.
- Ba yo retire penti ki abaz plon sou sifas ki kapab kraze yo avèk prèv mak dan oswa mete sifas la nan yon kapsil avèk yon materyèl ki di epi ki pa kapab pèse.
- Ba yo retire tout penti abaz plon sou sifas fwotman ki sou tout pòt yo ak chanbrann pòt yo.
- Ba yo retire tout penti abaz plon sou sifas fwotman ki sou tout fenèt yo oswa ba yo fè enstalasyon glisyè ranplasman sou sifas fwotman yo.
- Fè tout atè, bò fenèt ak vit ki nan inite lojman an lis epi netwayab.

Tout travay la dwe fèt dapre [pratik travay san danje](#) epi se yon kontraktè sètifye kòmsadwa ki dwe fè l. Apre nenpòt travay ki anwo yo, siye pousyè a dwe fèt pa yon tyès pati, sètadi yon moun ki pa gen rapò ak mèt kay la oswa kontraktè ki te fè reparasyon an oswa retire penti yo. Si yo fè li kòrèkteman epi dokimante li, retire penti an nan pòt la ak sifas kote fenèt yo ap fwote yo ta dwe yon ensidan ki rive yonsèl fwa.

Rapèl Avi Anyèl sou Plon

Si ou pa te resevwa Avi Anyèl konplè a nan men lokatè a epi pa kapab detèmine selon swivi investigasyon sa a menm si gen yon timoun ki gen mwens pase sis (6) lane avan **Premye (1) mas**, pwopriyetè a dwe avèti DOHMH alekri pou di li pa te resevwa avi a nan men lokatè a (pwopriyetè a dwe kenbe yon kopi notifikasyon sa a tou). Pwopriyetè a dwe voye notifikasyon li a bay DOHMH nan:

Department of Health and Mental Hygiene — Healthy Homes
125 Worth Street, Sixth Floor, CN58
New York, NY 10013

Pwogram Aplikasyon Altènatif (Alternative Enforcement Program, AEP)

Apati 31 janvyè 2022 HPD te chwazi plizyè apatman ki gen gwo pwoblèm pou patisipe nan [Pwogram Aplikasyon Altènatif la \(Alternative Enforcement Program, AEP\)](#). Yo te avèti ak enfòmasyon pwopriyetè ak manadjè bilding yon seleksyon pou AEP sou fason yo kapab sòti nan pwogram lan. Si w pa fin konnen si yo te seleksyon bilding ou an, vizite paj wèb HPD lan pandan w ap itilize lyen ki anwo a pou verifiye lis ane 2022 bilding yo idantifye pou patisipe nan AEP an.

Kritè seleksyon yo gen ladan yo kantite danje klas "B" ak klas "C" ki tousuit yon danje pou vyolasyon kòd antretenyè lojman epi montan frè pou reparasyon annijans la akòz travay HPD te fè yo. Si yo pa rezoud

pwoblèm ki kalifye yo, sa ka lakòz gen frè pou reparasyon annijans, privilèj, ak gwo frè. Si yo chwazi yon bilding pou pwogram sa a, ap gen enspeksyon souvan, yo ka bay Lòd Koreksyon ki pral egziye ranplasman sistèm ak gwo frè. Lè ou toujou fè yon fason pou dosye kontravansyon w lan rete egzakt epi rezoud vyolasyon klas C w te fè yo, sa pral evite yo chwazi bilding ou an pou pwogram sa a. Si yo te chwazi bilding ou an pou pwogram sa a, tanpri kontakte AEP nan **(212-863-8262)**.

Rapèl Demann Ranvwa an:

Apati mwa janvye 2022, yo dwe soumèt nouvo demann yo pandan w ap itilize fòm [Demann Ranvwa](#) an.

Yon Demann Ranvwa se pwosesis pwopriyete kay yo kapab itilize pou elimine yon ansyen vyolasyon si pwoblèm lan te rezoud, men dat renouvèlman an te deja pase.

Pou jwenn plis enfòmasyon ajou sou chanjman yo ale gade [bilten](#) mwa janvye 2022.

Seminè Anliy sou "Pran Devan Plon"

Seri seminè anliy HPD sou ["Get Ahead of Lead" \(Pran Devan Plon\)](#) kapab ede w jwenn plis enfòmasyon sou responsabite ak obligasyon ou genyen yo sou Lwa Lokal 1 nan ane 2004 (lwa ak règleman sou penti abaz plon).

Si ou rate seminè anliy HPD an: ***Yon Gid Pwopriyete sou Egzijans pou jwenn Dispens Penti ki baze sou Plon ak Pwosesis Aplikasyon*** 24 fevriye 2022, kounya la li afiche sou [paj wèb](#) nou an.

Si w enterese patisipe nan seminè anliy yo, toujou tcheke lòt bilten k ap vini yo.

Rapèl Sekirite Dife

Pòt otomatik yo pa dwe janm bloke epi yo ka ede ou jere yon dife pou pa pwopaje nan yon bilding epi pwopriyete yo oblije asire tout pòt yo fèmen otomatikman epi yo pa ankonbre pou yo toujou fèmen otomatik. Nan tout kategori lojman kolektif yo, pòt sa yo dwe fèmen otomatik:

- Pòt rantrè bilding yo
- Pòt rantrè apatman yo
- Pòt Eskalye kont dife
- Pòt tou kont dife
- Pòt klwazon
- Pòt plaka pou jete fatra
- Lòt pòt ki bay aksè nan koulwa/eskalye piblik (espas komèsyal bildig, zòn garaj yo, elatriye)

HPD ak Depatman Ponpye Vil New York pral pataje enfòmasyon detaye sou responsabite ou genyen yo antanke yon pwopriyete nan mwa ki gen pou vini yo. Pandan tan sa a, ou kapab jwenn resous yo ki pou gide ou ak enfòmasyon sou pwoteksyon kont dife sou <https://www.fdnysmart.org/resources/>.